

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran nulis mangrupa pangajaran anu loba pisan mangpaatna dina dunya atikan. Mangpaat pangajaran nulis pikeun siswa di antarana bisa ngedalkeun gagasan, pikiran, rasa, atawa eusi haté dina wangun karya tinulis. Ku kituna, pangajaran nulis mangrupa hiji kaparigelan anu kudu dikawasa ku siswa dina pangajaran basa Sunda, salah sahijina nyaéta pangajaran nulis biografi.

Pangajaran nulis biografi kaunggel dina KIKD kurikulum 2013 pangajaran basa Sunda, yén siswa SMA kelas X diperedih sangkan bisa “*menyusun, menanggapi, dan membandingkan téks biografi dan otobiografi sesuai dengan kaidah-kaidahnya*”. (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2013, kc. 55).

Ku ayana pangajaran nulis biografi, siswa bisa nyonto tina rupa-rupa pangalaman hirup hiji jalma, sarta bisa nuliskeun hal-hal anu penting tina biografi anu geus dibacana. Lian ti éta, siswa ogé diajar nyusun hiji téks biografi anu eusina ngeunaan lalampahan hirup hiji jalma ti mimiti lahir nepi ka maotna atawa nuliskeun hal-hal anu penting tina bagian kahirupanana.

Dina prak-prakanana, siswa ngarasa yén pangajaran nulis biografi dianggap hiji pangajaran anu hésé tibatan kagiatan nu séjénna kayaning maca, ngaregepkeun, atawa nyarita. Alatan dina pangajaran nulis mikabutuh kaparigelan-kaparigelan jeung prosés mikir anu jero, sangkan gagasan atawa pikiran anu hayang ditepikeun téh bisa katarima tur bisa kaharti ku jalma lian.

Ieu hal luyu jeung pamadegan Tarigan (2008, kc. 22), anu nétélakeun yén nulis nyaéta kagiatan nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangking basa tina éta gambaran grafik. Nulis miboga maksud pikeun ngawangun konsep pamikiran jeung kahayang kana wangun tinulis. Ku ayana wangun tinulis bisa dijadikeun média pikeun ngébréhkeun lambang-lambang atawa eusi pamikiran, sarta bisa ngaéksprésikeun hal-hal nu aya dina rasa jeung pikiranana. Ku kituna, kagiatan nulis téh lain kagiatan anu babari, tapi mangrupa kagiatan anu hésé alatan kudu niténan kana sababaraha aspék.

Aya sababaraha bangbaluh anu karandapan ku siswa dina pangajaran nulis biografi, di antarana siswa ngarasa hésé nalika nangtukeun hal-hal anu kudu dicaritakeun, milih kekecapan anu merenah, sarta nyieun kalimah kalayan éféktif. Loba siswa anu ngagunakeun kekecapan bahasa Indonésia sarta masih kénéh aya sababaraha kalimah anu kurang merenah runtuyanana. Kurangna kamampuh siswa dina pangajaran nulis biografi ngagabalukarkeun kualitas tulisan anu dihasilkeun kurang nyugemakeun. Ari anu ngabalukarkeun éta hal di antarana kawatesanana kandaga kecap anu dipiboga ku siswa antukna siswa ngagunakeun basa Indonésia ku sabab teu apal kana kekecapan basa Sundana. Lian ti éta, peran guru dina prosés pangajaran kurang ngawanohkeun kandaga kecap ka siswana, antukna siswa ngarasa kurang atawa teu apal kana kekecapan anu merenah pikeun digunakeun dina karya tulisanana.

Nilik kana pasualan di luhur, ku kituna perlu aya tarékah pikeun ngungkulan éta pasualan. Salah sahiji tarékahna guru kudu bisa nepikeun matéri pangajaran kalayan ngagunakeun faktor-faktor anu bisa ngarojong pikeun ngahontal tujuan pangajaran sarta ngaronjatkeun karep jeung kamampuh siswa pikeun diajar. Faktor-faktor pangrojong pikeun ngahontal tujuan pangajaran téh di antarana guru bisa ngagunakeun métode, modél, atawa média pangajaran nalika nepikeun matéri pangajaran ka siswana.

Machmudah jeung Rosyidi (2008, kc. 96), nétélakeun yén média pangajaran miboga pungsi pikeun ngirut panitén siswa, ngaronjatkeun rasa hayang nyaho siswa, sarta nepikeun informasi. Lian ti éta, média pangajaran miboga pungsi pikeun ngarojong jeung ngabantu siswa dina maham pesen anu hayang ditepikeun ku guru. Alatan lobana mangpaat anu bisa dicangking tina média pangajaran, ku kituna guru salaku sumber anu mawa informasi pikeun siswa, geus sakuduna ngagunakeun média pangajaran salaku alat anu ngabantu guru dina nepikeun matéri pangajaran.

Salah sahiji média anu bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis biografi nyaéta média *flash card*. Média *flash card* nyaéta média dina wangun kartu anu dijerona ngandung eusi kayaning gambar, kekecapan, simbol, jsb. Éta média ngabantu siswa dina ngamekarkeun kandaga kecap sarta bisa ngabantu siswa dina nyusun kalimah sacara éféktif luyu jeung

kekecapan anu aya dina kartu. Lian ti éta, média *flash card* bisa ngabantu guru dina ngahontal udagan pangajaran anu geus dirarancang. Éta hal luyu jeung pamadegan anu ditétélakeun ku Arsyad (2014) yén média *flash card* bisa digunakeun pikeun ngalatih siswa dina ngéja jeung ngamekarkeun kandaga kecapna jeung bisa jadi pituduh jeung ngarangsang pamikiran siswa sangkan ngaréspon kana hal-hal anu dipikahayang ku guruna.

Panalungtikan ngeunaan larapna média *flash card* dina pangajaran téh lain panalungtikan anu munggaran, tapi saméméhna ogé geus aya nu nalungtik di antarana, panalungtikan anu dilakukeun ku Erin Ervani (2012) anu judulna “*Media Flash Card* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-1 Semester 1 SMA Negeri 1 Majalaya Taun Ajar 2012/2013)”. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan anu dilakukeun ku Amirlah Hudaiby A (2012) kalayan judul “Efektivitas *Media Flash Card* dalam Meningkatkan Keterampilan Menulis Bahasa Perancis Siswa SMA Negeri 1 Cicalengka”. Salian ti panalungtikan ngeunaan modél *Flash Card*, aya ogé sawatara panalungtikan ngeunaan biografi nyaéta “*Modél Mind Mapping* pikeun Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas X-9 SMA Negeri 9 Bandung)” anu dilakukeun ku Anisa Luthfiya Rahmatillah (2013). Aya ogé panalungtikan anu dilaksanakakeun ku Reni Septiyani Nurbudi (2013) kalayan judul “*Strategi Modeling Berbasis Téks* (SMBT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget.

Dina ieu panalungtikan maluruh ngeunaan larapna média *flash card* dina pangajaran basa Sunda. Ieu panalungtikan maluruh ngeunaan kamampuh nulis biografi siswa, sedengkeun panalungtikan saméméhna maluruh ngeunaan kamampuh nulis aksara Sunda jeung kamampuh nulis basa Perancis, kalayan métode anu digunakeunana nyaéta métode panalungtikan tindakan kelas, sedengkeun ieu panalungtikan mah ngagunakeun métode kuasi ékspérimén.

Luyu jeung pedaran-pedaran di luhur, tétéla can aya nu nalungtik ngeunaan média *flash card* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan “*Média Flash Card* dina Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun média *flash card*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 sanggeus ngagunakeun média *flash card*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *flash card*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji signifikansi média *flash card* dina pangajaran nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 sarta bisa dijadikeun bahan pikeun guru nalika milih média pangajaran anu éféktif pikeun nepikeun materi pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun média *flash card*;
- 2) kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 sanggeus ngagunakeun média *flash card*; jeung
- 3) bédana kamampuh nulis biografi siswa siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *flash card*.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Luyu jeung tujuan panalungtikan di luhur, ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna boh mangpaat sacara tioritis boh sacara praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh, sarta bisa méré pangdeudeul pikeun sistem atikan dina hal nyiptakeun suasana diajar anu éféktif tur éfisién dina pangajaran basa Sunda, hususna maluruh ngeunaan média *flash card* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016.

1.4.2 Manfaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis, nyaéta:

- 1) pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan bisa ngajembaran paélman anu keur ditalungtik, mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina pangajaran nulis biografi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *flash card*, sarta bisa ngamekarkeun kamampuh siswa dina nulis biografi;
- 2) pikeun siswa, ieu média dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruhna, sarta ngaronjatkeun karepna pikeun diajar nulis nepi ka siswa boga kamampuh dina nulis biografi;
- 3) pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina milih média pangajaran anu éféktif nalika nepikeun matéri pangajaran kalayan bisa ngahontal udagan pangajaran jeung bisa ngirut siswana sangkan daék tur daria nalika diajar; jeung
- 4) hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh hususna mangpaat média *flash card* dina pangajaran nulis biografi.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha nu dipedar ieu di handap.

Bab I bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngeunaan tiori-tiori anu ngadadasaran panalungtikan, pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtikan, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III métode panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, jeung analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV hasil jeung pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung saran. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna. Dina ieu bab, ditambah ku subbab impilikasi jeung saran anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.